

Kisa ki K2?

K2, yo rele li tou kanabinoyid sentetik, fèt ak pwodui chimik danjere yo fabrike pou aji sou menm reseptè nan sèvo a ak THC (Tetra-idwokanabinòl), ki se prensipal konpozan aktif nan kanabis. Sepandan, K2 pa menm bagay ak kanabis, epi li gen efè ki diferan.

Yo jeneralman flite pwodui chimik danjere sa yo sou materyèl plant ki sèch epi yo vann yo nan anbalaj ki gen anpil koulè. Yo souvan make yo yon fason ki ka twonpe moun kòm "ansan abaz plant" oswa "pa pou moun konsome", menm si moun souvan fimen yo, vapote yo, oswa vale yo pou efè siko-aktif yo.

Itilize K2 ka mennen nan risk sante grav ak enprevizib, tankou lanmò.

K2

Diminye Danje

Pou sipò gratis 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou sante mantal ak itilizasyon sibstans, rele oswa voye tèks **988** oswa ale sou **nyc.gov/988**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou K2, ale sou **nyc.gov/k2**.



Kijan pou Diminye Danje ki gen Rapò ak Itilizasyon K2

Enfòm moun yo sou efè enprevizib K2 gen sou sante. Paske konpoze ki nan K2 yo, ansanm ak fòs yo, ka varye anpil, menm moun ki itilize K2 souvan ka gen reyaksyon yo pa t atann.

Ankouraje pratik itilizasyon ki pi an sekirite, tankou pou yo itilize li nan yon anviwònman yo abitye kote gen lòt moun prezan, pou yo kòmanse ak ti kantite, epi pou evite melanje li ak alkòl oswa lòt sibstans.

Konsantre sou swen sipò epi jere sentòm yo jan yo parèt. Pa gen medikaman espesifik pou anile efè K2.



Kijan pou Sipòte yon Moun ki Te Itilize K2

K2 ka lakòz efè fizik ak sikolojik ki enprevizib. Konpoze kanabinoyid sentetik yo ak fòs yo ka varye nan menm pake a oswa nan menm pwodui a. Sa vle di yon moun ki te itilize K2 anvan san li pa t gen reyaksyon danjere ka gen yon move reyaksyon pwochen fwa li itilize li.

Anplwaye sansibilizasyon ak lòt travayè ki an kontak ak kominote a ka sipòte moun ki ap itilize K2 lè yo kreye yon anviwònman kalm, ki bay sipò, san jijman, epi nan bati konfyans.



Kijan pou Entèraji ak yon Moun ki Santi Efè Negatif K2

Konsantman toujou enpòtan: Mande anvan ou manyen, respekte "non", epi jwenn yon lòt fason pou konsole si sa nesèsè.

Rete kalm — se ou k ap gide jan bagay yo pral pase: Pale dousman, ak jantiyès, epi byen klè. Evite mouvman toudenkou. Kenbe langaj kò ou klè epi san menas.

Rekonèt "anviwònman ak sikonstans":

- Sikonstans: Eta lespri yo (laperèz, krent, trajedi pase)
 - Rekonèt epi konfime santiman moun nan
- Anviwònman: Anviwònman an (gen bri, klere, chaje moun)
 - Ede li ale nan yon espas trankil ak kalm
 - Bese limyè yo, redui bri yo, epi limite kantite moun k ap gade si sa posib

Si yon moun gen laperèz oswa ap fè alisinasyon, ou ka mande konsantman li pou w gide l nan teknik pou kenbe l nan reyalite:

- Mande l pou peze pye l sou tè a.
- Ba li yon bagay frèt, tankou yon boutèy dlo.
- Ankouraje l pran souf dousman ak yon fason ki pwofon. Respira ansanm ak li si sa itil.
- Dekri espas ki antoure li: "Nou nan pak la. Ou an sekirite."



Kijan pou Reyaji ak Ijans Medikal

Rele **911** imedyatman si yon moun ap fè eksperyans sentòm sa yo:

- Pa reyaji
- Kriz
- Vomisman
- Doule nan pwatrin
- Difikilte pou respire
- Batman kè ki pa regilye

Pandan w ap tann sèvis medikal ijans (Emergency Medical Services, MS), ede l chita oswa kouche. Si li san konesans men l ap respire, mete l nan pozisyon rekiperasyon:

- Woule l sou kote
- Leve tèt li yon ti kras pa dèyè
- Flechi jenou anlè li pou kenbe kò l estab
- Kenbe pasaj respiratwa li lib

Si li p ap respire, kòmanse RCR (Reanimasyon Kadyo-respiratwa) si ou pran fòmasyon pou sa.

K2 pa yon opyoyid, men si ou wè siy yon ovèdoz opyoyid, bay naloksòn si li toupre ou. Ou ta dwe bay naloksòn chak fwa ou sispèk yon ovèdoz opyoyid, menm si moun nan pa t ap itilize opyoyid yo yon fason entansyonèl.

Kenbe anbalaj K2 a, si li disponib, pou montre pèsònèl EMS yo.